Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 93 (9446)

2012 соналъул 14 декабрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## Цадахъ лъугьун хIалтIи гьабулеб буго

**(Терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул зоналияб данделъиялда районалъул бетIер М. ПатхIулаевас гьабураб кIалъаялдасан)**



ХIурматияв МухIамадсалам МухIамадович, хIурматиял антитеррористияб комиссиялъул членал, хIалтIицадахъал ва тIаде ахIарал!

Ихтияр кье дие балъхъадерил ракьалда нужее ракI-ракIалъулаб салам кьезе!

Биччанте нужее районалда бахъизесеб заман нуж разияблъун букIине ва жакъасеб хIалтIи хIасил кьоледухъ ине.

Бищунго цебе бокьун буго нижер районалдехун гьабулеб бугеб кинабго рахъалъулаб бербалагьиялъухъ республикаялъул нухмалъиялъе нижерго рахъалдасан кIудияб баркала ва разилъи загьир гьабизе.

Болъихъ район ккола жинда жаниб 55 азарго чияс гIумру гьабулеб ва мугIрузул бищунго чIахIиял муниципалиял гIуцIабазул цояблъун.

Жакъа районалда жамгIиябгун политикияб ва криминогенниияб ахIвал-хIал чIара-хьараб бугониги,экстремизмалдегун терроризмалде данде къеркьей ккола районалъул нухмалъиялъул хIаракатчилъиялъул аслияб рахъазул цояблъун ва гьеб букIуна кидагосеб халкквеялда гьоркь.

Гьаб соналда росабазул бутIрулги, районалъул собраниялъул депутаталги, диниял церехъабиги ва учреждениязулгун организациязул нухмалъулелги гIахьал гьарун тIобитIана антитеррористияб комиссиялъул 6 данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна общественнияб ва гIумру гьабиялъулаб кIвар бугел объектазул ва гьединго цIикIкIун гIадамал ракIарулел бакIазул хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул суалал.

Гьединалго суалал гьоркьор лъола правоохранительниял органалгун цадахъ т1оритIулел данделъабаздаги. Гьел суалазул рахъалъ методикиябгун практикияб кумек щолеб буго ДРялъул Антитеррористияб комиссиялъул рахъалдасанги.

Экстремизмалде ва терроризмалде данде къеркьей гьабиялъул рахъалъ 2012-2016 соназе бугеб муниципалияб программа гIумруялде бахъинабиялъе гьаб соналда районалъул бюджеталдасан 200 азарго гъурщиде босана видеонаблюдениялъул оборудование. ХIисабалде босун буго 2013 соналда Болъихъ росдал киналго къватIазда тIадегIанаб качествалъул видеонаблюдениялъул оборудование лъезе. Гьелъие бихьизабун буго 2,5 миллион гъурущ. Гьединго, видеонаблюдениялъул оборудование лъун букIана рищиязулал участкабаздаги. Амма, щаялиго,рищиял лъугIиндал гьеб нахъе босун ана.

Экстремизмалдегун терроризмалде данде гьабулеб къеркьеялъулъ кIвар бугеб бакI ккола информациялъулабгун идеологияб хIалтIуца. Гьеб гьоркьоб къотIичIого гьабулеб буго халкъияб информациялъулал алатаздасан пайдаги босулаго. Масала, гIуцIун буго щибаб анкьида рузман сордоялъ районалъул телевидениялдасан росабазул мажгитазул имамал цере рахъин.

Жакъасел шартIазда кIвар бугеблъун ккола властаlъул бакIалъулал гIуцIалабазул хIалтIи общественносталъе загьираблъун букIин. ГIадатлъун лъугьун буго щибаб анкьида районалъул телевидениялдасан жидерго хIаракатчилъиялъул ва бугеб хIалалъул бицун учреждениязулгун организациязул нухмалъулел кIалъазе рахъин.

Терроризмалдегун экстремизмалде данде профилактикияб хIалтIулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул ва херазул ва гьединго руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб советазги.

(Ахир 2-гьум.)

**НИЖЕР ГАРА - ЧIВАРИ**

## АФГЪАНЦАЗУЛ ТIАЛАБ ГЬАБИ-НИЛЪЕР ТIАДАБ НАЛЪИ



***Халкъияб Собраниялъул депутат, гIемерал соназ маххул нухлул вокзалалъе нухмалъи гьабурав Гъази Гъазиев республикаялда лъикIго лъалев чи вуго.Лъалаан гьев дидаги, амма 15 сонгIаги букIун батила ниж цоцада рихьичIелдаса.***

***Дагъистаналъул Президент М.МухIамадовгун цадахъ нилъер районалде бачIараб кIудияб делегациялда гьоркьов вугоан Гъазиги.***

***Ккана ракI-ракIалъулаб хабар,бицана гIумрудул,политкаялъул,республикаялда бугеб ахIвал-хIалалъул.***

***Циндаго Гъазица бицен гьабуна жинцаго афгъанцазе рагьараб реабилитационнияб Централъул….***

**-Гъази Мулинович,кин бижараб рехсараб Центр рагьиялъул пикру?**

-Нижехъе гIемерал «афгъанцал»рачIунаан гьеб пикругун.Соназ республикаялъул Реабилитационнияб Централде иргабазда чIарал гьезие бокьун букIана гьединабго жидерго Центр букIине. Гьеле гьедин бижана гьеб проект.БакI ккун букIадго абилин,гьединаб проект Россиялда тIокIаб гьечIо.

Дагъав цевегIан Америкаялде щварав дун битIахъе виххун хутIана гьениб инсанасул сахлъи цIуниялде кьолеб кIудияб кIварги, рагьун ругел аза-азар диагностикияял Централги рихьараб мехалда. ЛъагIалида жаниб кIиго нухалъ щивав чияс жиндирго сахлъиялъул хал гьабулеб буго Америкаялда.Гьениса вуссиндал дир тIубанго ракIчIана рехсараб суал кутакалда кIвар бугеб ва чара гьечIого гIумруялде бахъинабизе кколеб букIиналда.

**-БатIаго афгъанцазул щайха Центр рагьараб?**

-Гьелъие чанго гIилла буго.

ТIоцебесеб иргаялда, Дагъистаналда вуго кинавниги 3500 афгъанец,гьезул хъизанлъималги рикIкIани,гьеб тарих 15000-ялде бахуна.

КIиабилебги,лъабго соналъ цебе,шагьаралъулаб паркалда палаткабиги чIван, афгъанцаз лъазабун букIана ракъунчIей.

(Ахир 3-гьум.)

# Цадахъ лъугьун хIалтIи гьабулеб буго

**(Терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул зоналияб данделъиялда районалъул бетIер М. ПатхIулаевас гьабураб кIалъаялдасан)**

*(Байбихьи 1-гьум.)*

Гьебго заманалда районалъул нухмалъиялда ва правоохранительниял органазда бичIчIуна гьеб рахъалъ гьабизе кколеб хIалтIиги пайда босичIого тарал ресалги жеги гIемерал рукIин.

Гьелъие нугIлъи гьабула гьаб соналъул 9 августалда районалда бандитазде данде спецоперация гьабулаго чIварав 2 бандитасул цояв нижерго районцояв ватиялъги, гьенив полициялъул 5 хIалтIухъан хвеялъги ва 3-яв лъукъиялъги.

Экстремизмалда ва терроризмалда хурхарал захIмалъаби гIицIго къуваталъулал къагIидабаз тIуразаризе лъугьун жо кколаро. Гьелъул хIакъалъулъ чанго нухалъ абуна МухIамадсалам МухIамадовичас ва дица гьесул гьеб пикруялъул тIубанго рахъ ккола.

Гьелъул къучIалда районалда хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго рахчарал бандитазул гIагарлъиялъулгун законалде данде чIарал ишал рехунги тун,жидерго гIагарал васал ракълилаб гIумруялде ахIиялъул рахъалъ. Гьеб хIалтIулъ гIахьал гьарулел руго машгьурал исламиял гIалималги районалъул къадру-къимат бугел гIадамалги.

Гьединаб цадахъаб хIаракатчилъиялдалъун эбел-инсудаги диниял церехъабаздаги бажарана Дагъистаналъул Президентасда цебе бугеб комиссия гьабурав районалъул цо чи террористияб хъачагълъиялдасан инкарги гьабун 20II соналъул июналда ракълилаб гIумруялде лъугьинавизе.

Гьединаб къагIидаялъулаб хIалтIи гьабулеб буго гьоркьоб къотIичIого ва нижедаго барабщинаб гьабизе буго районалдасан бандподполиялда хутIун вугев цо чи ракълилаб гIумруялде вачIинавиялъе.

Районалда, гьединго, хIалтIи гьабулеб буго «Общественнияб гIадлу-низам цIуниялъулъ гражданал гIахьал гьариялъул хIакъалъулъ» ДРялъул Президентасул 2012 соналъул 4 абилеб сентябралда бахъараб №44 хIукму гIумруялде бахъинабиялъул рахъалъги.

Районалъул киналго росабалъ гIуцIун руго халкъиял дружиннабазул отрядал.

Кинавниги гьез жаниве вачун вуго 555 чи.

Дица рикIкIуна халкъиял дружинаби цIи гьариялъ кIудияб квербакъи гьабизе бугин общественнияб гIадлу-низам щулалъизабиялъе ва законалде данде кколарел жал гьукъиялъеги.

Дружинабазул хIаракатчилъиялъе хIажалъулеб финансазулабгун практикияб кумек гьабизе буго нижеца.

Терроризмалдегун экстремизмалде данде гьабулеб къеркьеялъулъ аслиял тадбиразул цояблъун ккола гIолилазулгун гьабулеб хIалтIи.

Жакъа районалъул гIадамазул I2 процент буго I8-30 сон гIумрудул бугел гIолилал. Гьебги хIисабалде босун ,хасаб кIвар кьолеб буго районалда гIолилазулаб политика гIумруялде бахъинабиялде .2008 соналдаса нахъего районалъул бетIерасда цебе хIалтIулеб буго гIолилазул совет. Гьелде гьорлъе уна росабазул гIолилазда гьоркьоса вакилзаби. Районалда тIоритIулел руго гIолилазулал тадбирал. Гьаб соналъул июналда ГIолилазулаб байрамалда бан тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул ГIолилазулаб политикаялъул комитеталъул ва Госнаркоконтролалъул вакилзабазги.

Асар гьабулеблъун букIана гIолилазулаб автопробег.

Республикаялъул вузазда цIализе лъуна районалъул цо-цо рес гьечIел хъизамазул 40 выпускник. Министерствабазул ва цIалул заведениябазул унго-унгояб кумекалдалъун щибаб соналъги нижер гIолилал лъугьунел руго бищунго хIажатал махщелазулаб цIалуде.

Нижеца хIисабалде босун буго 20I3 соналда чанго чIахIиял тадбирал тIоритIизе.

Гьезде гьорлъе уна МахIачхъалаялда районалъул студентазулаб гIолохъанлъигун дандчIвай, районалда «Лъимал-нилъер букIинесеб» абураб ахIиялда тIобитIизесеб форум. Гьенир гIахьаллъизе руго мадугьалихъ ругел ГIахьвахъ, ЦIумада, Гумбет ва Хунзахъ районазул гIолохъабиги.

ГIолилал хIажат гьечIел ва заралиял ишаздасан ратIа гьариялъе хIасил кьолел тадбираллъун ккола гьел спорталдехун ва сахабгун хIаракатаб гIумруялде цIай. Гьеле гьелде хасаб кIвар кьолеб буго районалда. Районалъул бюджеталдалъун школазда рана ва ралел руго ,киналго шартIал жанир ругел, спортзалал. Районалда тIоритIулел руго зоналиял,хIатта халкъазда гьоркьоселгицин спорталъулал хIаял.

Районалъул гIолилазул унго-унгояб гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъи буго районалъул ракьалда ругел рагъухъабазулгун ,замана-заманалда тIоритIула дандчIваял ва цадахъал тадбирал. Гьеб гьудуллъи заман унхъе щулалъулебги буго.

Улкаялъул югалъулал гIорхъабазул хIинкъигьечIолъи букIинабиялъе гIоло дица лъикIаблъун рикIкIуна Болъихь гьеб рагъулаб часть цIуни.

Цо чанго рагIи абизин районалъул гIолилал ВатIаналъе рагъулаб хъулухъ гьабизе ахIиялъул рахъалъги. Гьеб соналдаса соналде захIмалъулеб буго.

Рагъулаб хъулухъалда ругел районалъул гIолохъабазул ВатIаналъе бугеб ритIухълъиялъе гIоло гьезул эбел-инсухъе кагътал рачIунел руго. Амма гьединаб ракIбацIцIадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе бокьарал гIолохъаби гIемерал ругониги, армиялде гьел ахIи гIодобе кколеб буго. Гьаб соналъ гьениве ахIун вуго гIицIго 28 гIолилав. Цебе-цебе гьезул къадар 150-170-ялде бахунаан. Божарав вуго Минобороналъул цIияв министр вачIаралдаса гьеб иш лъикIлъизе букIиналда.



# АФГЪАНЦАЗУЛ ТIАЛАБ ГЬАБИ-НИЛЪЕР ТIАДАБ НАЛЪИ

*(Байбихьи 1-гьум.)*

Ай гьединаб куцалда гьез властазул пикру бус-



синабулеб букIана жидерго рукIа-рахъиналда хурхарал унтарал суалазде. Гьенив цо афгъанец хвезеги хвана.

Гьеб лъарав дица диего рагIи кьуна афгъанцазул тIалаб гьабизе,гьезул рукIа-рахъиналде кIвар кьезе.ДандчIвана афгъанцазул вакил генерал МуртазагIалиевгун ва Общественнияб палатаялъул член ПатIимат Геличевагун,дандрана гьезулгун пикраби ва къасдал.Кьокъаб хIасил,гIумруялде бахъинабуна гьеб масъала.

**-Бокьилаан кьокъго Реабилитационнияб Централъ афгъанцазе гьабизе бугеб кумекалъул бицине**

-Нижеца медициналъулаб хъулухъ гьабизе буго гIицIго афгъанцазе гуребги, чернобылалъулазеги, батIи-батIиял рагъул гIахьалчагIазеги. Гьезие рокъо-рокъоре щун медхъулухъ гьаби мурадалда нижеца щулияб бухьен кквезе буго Сахлъи цIуниялъул министерствогун,ай пайда босизе буго участковиял тохтурзабаздаса.КIудияб пикру буссинабун буго нижеца медициналъулал кадраби тIаса рищиялде.Нижехъ хIалтIулев вуго цIар рагIарав тохтур гIелмабазул доктор Хасай ГIалиев,профессор МухIамад Рамазанов ва гIемерал цогидалги. РакIалда буго СШАялдаса,Япониялдаса,Италиялдаса ва Германиялдаса жакъасеб къоялъул тIаллабазе жаваб кьолеб оборудование босизе Жакъа къоялде щвезегIан босун буго I2 медициналъулаб аппарат. ХIалтIулеб буго къуватаб физиотерапиялъул отделение,клиникияб ва биохимическияб лабораториял.КватIичIого рагьизе буго тренажерияб



*БетIерав тохтур* **Х. ГIалиев**

залги.Централда цебе букIине буго афгъавнцал ва гьезул хъизан-лъимал чIогого кваналеб бакIги.

ГIемерал соназ интернационалияб налъи ракIбацIцIадго тIубазабурал,ритIухъаб куцалда ВатIаналъхе хъулухъ гьабурал афгъанцазе кIудияб жо къваригIун гьечIо нилъедаса-гIицIго гIадатиял шартIал рукIа-рахъиналъе ва хIухьбахъиялъе.

**-Медициналда хурхинчIел суалал тIуразе ругищ нужеца?**

-Руго. Мисалалъе, афгъанцазе ва гьезул хъизан-лъималазе транспорталъулаб хъулухъ гьабизе гIуцIун буго диспетчетчерлъиялъулаб служба. Нужеда МахIачхъалаялъул къватIазда рихьизе бегьула «Афгъанец»абурал игIланал хъварал машинаби.Аслияб къагIидаялда гьез хъулухъ гьабизе буго инвалидазе ва хварал афгъанцазул лъудбузе. Хадубккун ракIалда буго афгъанцазетранспорталъулаб хъулухъ тIубараб республикаялдаго гьабизе .Росабалъ ругел афгъанцазде буссинабизе буго нижеца хасаб кIвар,щай абуни гьезие шагьаралъулаздаса дагь гьечIого къваригIунелъул транспорталъулаб хъулухъ.

**-Мун Болъихъе вачIиналдаса ва мунагьал чураяв Гьагьалъа Мисирбейил вацлъи гьарарав гьудул вукIиналдаса пайдаги босун,гьикъизе бокьун буго:балъхъадерие букIине бугищ нужер Централдаса кинаб бугониги пайда?**

-Цоги жо гьечIониги,дирго вац Мисирбей ракIалде щвезавизелъунги гьабизе буго дица нужер районалъе бажарараб кумек.Бокьараб мехалъ рачIине бегьула нужер афгъанцал Централде. Болъихъ нижеца тезе вуго хасав вакилги.

**-Аллагьасул рахъалдаса кIудияб кириги,гIадамазул рахъалдаса щибаб кьойилаб баркалаги щолеб хIалтIи гьабулел нужее икъбалги бергьенлъабиги гьарула нижер районалъул гIадамазги.**

*Гара-чIвари гьабуна*

**ГI.ГIАНДИЙСКИЯС**



# ИНФОРМАЦИЯ

***О проведении месячника профессианальной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений в МР«Ботлихский район» «Выпускник - 2013»***

Профессиональное самоопределение-центральный момент становления личности учащихся старших классов общеобразовательной школы. Мы понимаем, что будущее поколение должно иметь четкое представление не только о престижности той или иной профессии, но и о ее востребованности в будущем.

Поэтому, в целях обеспечения эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных учреждений, оказания или содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентирования их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда был проведен месячник профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений района «Выпускник-2013».

Одним из основных направлений про ориентационной работы ГКУ ЦЗН Ботлихского района является целенаправленная работа по профессиональной ориентации учащихся школ района при взаимодействии с другими заинтересованными организациями: администрацией школ, управлением образования, администрацией района.

Во всех выпускных классах общеобразовательных школ района были проведены классные часы на тему «Я-предприниматель», «Мой проект развития профессиональной карьеры», «Начни и совершенствуй свой бизнес». По результатам проделанной работы видно, что следует обратить внимание на необходимость профессиональной работы с ними психологов школ, классных руководителей, а также и родителей.

На семинаре под названием «Твой выборр», проведенном в в рамках районной акции «Выпускник-2013»выпускникишкол смогли узнать об учебных заведениях и профессиях и сами задавали интересующие их вопросы.

Так же, в целях совершенствовании профессиональной работы, была проведена ярмарка учебных мест и образовательных услуг «Выпускник-2013» при участии учреждений профессионального образования района для учащихся выпускных классов.

В работе ярмарки приняли участие общеобразовательные школы.

Мобильный офис центра занятости населения района активно работает с учебными заведениями. Особое значение это имеет для выпускников школ, поскольку ранняя и своевременная профориентация играет существенную роль в выборе профессии, а этот выбор-один из основных в жизни человека. С началом работы Мобильного центра занятости появилась возможность более оперативного проведения консультаций, компьютерной диагностики (тестирования) с целью помочь сделать свой профессиональный выбор. Автоматизированная система тестирования позволяет определить профессиональные склонности учащихся, выделить приоритеты жизненных и профессиональных перспектив, а так же готовность соотносить свои профессиональные цели со своими возможностями.

**З. АМИРХАНОВА**

# ГЬУДУЛЛЪИ

*Газета гIуцIарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор***

***ГI. ГIумаханов***

***Редакторасул заместитель***
**А. Агъларов**

***Жавабияй секретарь***
**П. Чупалаева**

***Отделалъул редактор***
**Ш. Лабазанов**

***Мухбир***
**П. Дибирова**

***Фотокорр.***
**Ш.МуртазагIалиев**

***Корректор***
**С. ИзмагIилова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Верстальщица**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***
***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ № 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.***

***Тираж 2500***

***Наш эл. адрес***
***druzhba555@mail.ru***


# НИЖЕР КАДЕТАЗУЛАБ ШКОЛАЛДА

Исана дун восана Совет Союзалъул кIицIулго БахIарчи, букъун лъедолеб гамил вукIарав командир МухIамад ХIажиевасул цIаралда бугеб Каспийскиялъул Ральдал кадетазулаб школа-интернаталде ц1ализе.

Гьеб лъугьана дие кIудияб рохеллъун. Дирго гьеб рохел г1ахьал гьабизеги ва дун гьорлъ вугеб классалъул хIакъалъулъ бицинеги бокьун буго Болъихъ №1-2 школазда цIалулеб мехалда дир рукIарал учительзабазеги ва гьудулзабазеги.

Дида зама-заманалда ракIалде щола дир рукIарал хирияв учительзаби ГIайшат Сиражудиновнаги, Хатимат Расуловнаги, Ума МухIамадовнаги, Умукусум ГIабдулмаликовнаги ва цогидалги.

Нижер классалда вуго 12 вас. Гьеб ккола цIалулги гIадлуялъулги ва общественниияб гIумруялъулги рахьалъ бищунго цебетIураб мисалияб класслъун. Нижер щивав цIалулев вуго «4» ва «5» къиматазда.

Нижер классалда цIалулел руго бат1и-бат1ияб миллаталъул васал: магIарулалги, даргиналги, гIурусалги, лезгиналги, лакецалги, чачаналги. Гьелъ нижер класс рикIкIуна интернационалияблъун. Гьениб буго цоцалгун унго-унгояб гьудуллъиги, цоцадехун рокьи-хинлъиги ,цоцае кумек гьабиги.

БатIаго гьениб дир гьудуллъи ккана классалъул староста МухIамад Шахруловасулгун, гьесулго вацгIал Арсен Шахруловасулгун, СагIид МухIамадовасулгун ва МухIамад Мирзаевасулгун.





ЦIалулъ нижее бищунго кумек гьабулеб жолъун ккола школалда бугеб кьварараб гIадлу-низам. Нижер щивас графикалда рекъон гьабула классалда дежурналъи, чIезабула гIадлу-низам ва рацIцIалъи.

Нижер букIуна эркенаб заманги. Гьеб мехалда хIала футбол, волейбол, баскетбол, хьвадула кверзулаб рагъул, боксалъул, шахматазул секциябазде.

Нижер школалда руго кутакалда лъикIал учительзаби. Гьез нижедасан лъикI цIалиги тIалаб гьабула ва хIажалъи ккедал сундулъго кумеки гьабула. Гьел ккола нижер классалъул руководитель ва нижее бищунго вокьулев Мерден ХIажикъурбановичги ва тIалабчилъи цIикIкIарай воспитательница Асият ХIажиевнаги ва директор ГIумар Камалудинович ГIумаровги.

Нижер буго бацIцIадаб, хинаб общежитиеги. Графикалда рекъон кьижула, рахъуна. Радал рахъарабго зарядкаялъе низамалда чIола. Гьелдаса хадуб хIадурлъула радалисеб кванде ине. Гьенириги уна низамалда. Гьелдаса хадур уна дарсазде.



Хадурги добго низамалда общежитиялде уна. Гьабула хIадурлъи обедалде. Цинги-хIухьбахъиялъул сагIат. Гьелдаса хадуб дарсал лъазари ва тIасияб къоялде хIадурлъи. Щамат-базар нижер руго эркенал къоял.



Болъихъ №1-2 школазда дунгун цIалулел рукIаразулгун хурхен тIагIине тезе гьечIо дица. Киназдего буго урхъараб салам. Киназдаго баркула тIаде бачIунеб бугеб ЦIияб 2013 абилеб сон. Гьеб батаги нильее киназего талихIаб сонлъун.

**Асламхан ГIУМАХАНОВ,**
***Каспийск шагьар***

## ПАМЯТКА

Уважаемые руководители и главные бухгалтера организаций!

Налоговая инспекция напоминает, что с 02.09.2010 года вступила в силу новая редакция статьи 123 Налогового кодекса РФ **(Федеральный закон от 27.07.2010 года № 229-ФЗ).**

Указанной статьей Налогового кодекса РФ предусмотрена ответственность налогового агента за неправомерное неудержание и (или) неперечисление (неполное удержание и (или) перечисление) в установленный Налоговым кодексом РФ срок сумм налога, подлежащего удержанию и перечислению налоговым агентом в бюджет.

Согласно пункту 4 статьи 226 Налогового кодекса РФ налоговые агенты обязаны удержать начисленную сумму налога на доходы физических лиц (НДФЛ) непосредственно из доходов налогоплательщиков при их фактической выплате.

Пунктом 6 статьи 226 Налогового кодекса РФ предусмотрено, что налоговые агенты обязаны перечислять суммы исчисленного и удержанного налога не позднее дня фактического получения в банке наличных денежных средств на выплату дохода, а также дня перечисления дохода со счетов налоговых агентов в банке на счета налогоплательщиков.

Следовательно, налоговые агенты обязаны удерживать и перечислять в бюджет НДФЛ с доходов работников каждый месяц не позднее дня фактической выдачи заработной платы.

***НАЛОГОВАЯ ИНСПЕКЦИЯ***

## Прокуратура разъясняет

Президентом РФ подписан Федеральный закон № 232-ФЗ «О внесении изменения в статью 1 Федерального закона «О минимальном размере оплаты труда», которым минимальный размер оплаты труда устанавливается размере 5205 рублей в месяц.

Данный Федеральный закон вступает в силу с 01. 01.2013.

**Д.ДЖАБРАИЛОВ,**
***зам.прокурора района***

Районалъул Культураялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъигун зигара балеб буго **РИЯЗАТ МухIамадова** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьелъул т1олабго г1агарлъиялда.
Аллагьас Алжан насибайлъун ятаги гьей.